

Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital

"Pwogram nan se yon plas kote tout moun santi yo lakay yo. Se yon bèl resous pou paran yo. Sijè chak rankont yo soutni kwasans ak devlopman timoun espesyal sa yo ansanm ak fanmi ki beni genyen yo nan lavi yo!"

— Paran yon timoun 17 lane

"Pwogram sa a vin tounen yon ekstansyon fanmi nou. Yo te ede fanmi nou fè fas ak nenpòt obstak pitit fi nou t ap fè fas ak lanmou epi konesans olye avèk pè epi tristès. San pwogram sa a, nou menm ak lòt fanmi ta dekonekte ak enfòmasyon enpòtan, ak doktè, epi ak koneksyon moun ak moun ki ede nou avanse nan yon direksyon pozitif, pandan n ap konnen timoun nou yo ap resevwa pi bon swen ak gidans nou ta ka ba yo."

— Paran yon timoun 11 lane

Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital, ki fonde an 1967, se youn nan pi ansyen ak pi gwo Pwogram Sendwom Down nan peyi Etazini, k ap sèvi kòm modèl pou pwogram atravè tout peyi a ak nan lemond antye. Pwogram klinik la ofri sèvis medikal ki trè espesyalize epi li bay jesyon endividyalize defi konplèks pou pasyan ki gen sendwom Down, gras ak yon apwòch klinik entèdisiplinè. Pwogram nan devlope kowòdinasyon swen ki inovativ, resous fanmi ansanm ak yon pwogram olistik. Pwogram Rechèch sou Sendwom Down nan Boston Children's Hospital la se yon pwogram rechèch ki konplè, ki byen aliyen epi ki entegre ak swen klinik nan kad misyon nou pou ede moun ki gen sendwom Down yo atenn tout potansyèl yo.



Swen Klinik

Konsiltasyon Anvan Akouchman

Yo bay konsiltasyon anvan akouchman konfidansyèl yo nan Sant Swen Matènèl-Fetal la pou fanmi ki resevwa yon dyagnostik prenatal konfime oswa sispèk sou Sendwom Down. Konsiltasyon sa yo pèmèt fanmi yo aprann plis sou dyagnostik sendwom Down, pwoblèm medikal ak konpòtmantal ki kapab parèt, ansanm ak resous ki disponib. Imaj pou Dyagnostik avanse, ki gen ladan ekodyagrafi anvan akouchman epi IRM (Imajri ak Rezonans Manyetik) fetis, yo disponib nan Sant Swen feto-matènèl ansanm ak konsiltasyon adisyonèl nan kadyoloji, jenetik, newoloji, soutyen nan alètman ak lòt.

Vizit Klinik Konplè

Yo suiv timoun yo pandan yon bon bout tan pandan vizit konplè ki abòde pwoblèm medikal ak devlopman nan timoun, adolesan, ak jèn adilt yo. Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital gen ekspètiz nan jesyon pasyan ki gen bezwen medikal konplike ansanm ak lòt twoub newodevlopman ki vin ansanm, tankou Twoub Espèk Otis la ak Twoub Defisi Atansyon ak Ipèraktivite. Swen yo endividyalize pou reponn ak bezwen chak pasyan ak chak fanmi. Gen evalyasyon newodevlopman ak konpòtmantal apwofondi ansanm ak tès sikolojik ki fèt ak anpil atansyon ki disponib pou sible epi endividyalize terapi devlopman ak entèvansyon edikatif pou pi bon devlopman posib.

Kowòdinasyon Swen Entansif ak Swen Espesyalize


Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital nan ofri kowòdinasyon swen endividyalize ak entansif nan lide pou ede fanmi yo jwenn sèvis, randevou ak resous. Swen yo kowòdone ak plizyè pwogram ak founisè espesyalize ki otòp nan Boston Children's Hospital tankou kadyoloji, newoloji, gastwo-antewoloji, nitrisyon, medsin somèy, oftalmoloji, dantis, òtodonsi, oto-rino-larengoloji, odyoloji, ak plis toujou.



**Boston
Children's
Hospital**

Kote mond lan ap chèche repons





Program ak Sipò Adisyonèl

Anplis vizit klinik la, Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital ofri yon sipò fanmi eksepsyonèl, ki gen ladan sèvis espesyalis resous, atelye, pwogram byennèt enklizif, egzèsis ak yoga, pwogram pou ankouraje lekti, ansanm ak gwoup sipò. Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital travay kole kole ak òganizasyon lokal ak nasyonal yo. Sit entènèt la gen plis resous pou pasyan yo, tankou webinè nan Seri Konferans Allen C. Crocker, gid enfòmasyon, ak pwogram edikatif.

Sipò pou Tranzisyon ak Travay

Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital dedye pou prepare adolesan ak jèn adilt yo pou yon tranzisyon reyisi nan laj adilt. Yo ofri sèvis tranzisyon yo pou sipòte aksè ak resous, sèvis pou granmoun, ak founisè swen pou granmoun. Evalyasyon medikal ak sikolojik ansanm ak konsiltasyon travay sosyal yo kowòdone pou moun k ap chèche gadyen oswa lòt opsyon.

Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital angaje l nan ankouraje travay ak fòmasyon pwofesyonèl pou moun ki gen Sendwom Down. Anplis pou anboche jèn adilt ki gen Sendwom Down, Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital gen yon pwogram estaj ki dire de (2) lane pou jèn adilt ki gen Sendwom Down aprann epi pratike konpetans travay.



"Antre nan klinik DS la epi wè Nathan ap kontribye nan yon fason ki tèlman enpòtan, sa enspire m kòm yon manman. Mwen menm tou mwen kontan anpil pou li, paske sa sanble tankou yon kote pafè pou li bati konfyans nan tèt li ak konpetans pwofesyonèl li ka devlope pou lavni."

— Paran yon timoun
5 lane

Rechèch nan Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital

Rechèch la nesèse anpil pou ede amelyore lavi moun ki gen Sendwom Down. Pwogram Rechèch Sendwom Down nan Boston Children's Hospital se yon pwogram rechèch konplè ki dedye ak etid sou newodevelopman epi ak rezilta sante nan Sendwom Down. An patenarya ak Laboratwa Newosyans Konyitif ak Translational Neuroscience Center nan Boston Children's Hospital, epi atravè patisipasyon li nan Intellectual and Developmental Disabilities Research Center (IDDRC), Pwogram Sendwom Down nan Boston Children's Hospital angaje li nan rechèch avanse pou moun ki gen Sendwom Down pou pi byen konprann mekanis newobiyojistik aprantisaj, memwa ak konpòtman, pou itilize nouvo zouti pou etidye developman, epi pou eksplòre nouvo entèvansyon edikatif, konpòtman, ak medikal.



"Chak vizit nan klinik DS la ba nou yon bèl opòtinite pou poze kesyon, aprann enfòmasyon enpòtan, epi pataje istwa Hope ak yon ekip pwofesyonèl ki vrèman pran swen nou."

— Paran yon timoun
16 lane

KONTAKTE NOU:

Biwo: 857-218-4329

Faks: 617-730-0252

Sit Entènèt:

childrenshospital.org/programs/down-syndrome-program

Kesyon sou pran randevou:

downsyndromescheduling@childrens.harvard.edu



Kote mond lan ap chèche repons